Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы
Қарақалпақстан бөлиминиң

# ХАБАРШЫСЫ

**Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр**

**Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси
Қорақалпоғистон бўлимининг**

# АХБОРОТНОМАСИ

**Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда**

# ВЕСТНИК

**Каракалпакского отделения
Академии наук Республики Узбекистан
Журнал издается с 1960 года**

**№ 3
(280)**

**Нукус-2025**

# ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ДӘСТҮР ҚОСЫҒЫ – ҲӘЎЖАР

**Палымбетов К.С.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Ҳәр бир халықтың миллий өзгешелиги, сол елдиң үрп-әдет, салт-дәстүрлеринде айқын көринеди. Солай екен, қарақалпақ халқының да руўхый дүньясы, турмыс тиришилиги менен қарысып кеткен өзине тән салты, үрп-әдет дәстүрлери бар. Сонлықтан да, жәмийеттиң раўажланыўы менен мәнис, мазмуны, орынланыўы, өткерилиў тәртиби өзгериске ушырап отыратуғын этнографиялық дәстүрлерди үйрениў, изертлеў илим ушын оғада әҳмийетли саналады.

Илимде шаңарақта өтекерилетуғын неке тойларына байланыслы этнографиялық дәстүрлер, ритуал үрп-әдетлер ҳәм мәресимлер: 1. Тойға шекем; 2. Той күни; 3. Тойдан кейин деп ажыратып қаралады. Усылайынша тойда өткерилетуғын мәресимлерди бөлип қараў қәлиплескен. Мысалы, неке тойында атқарылатуғын ҳәўжар (яр-яр), сыңсыў, той баслаў, бет ашар, айтым, алғыс т.б. пайытында орынланатуғын ҳәр бир этнографиялық детал, ырымлар магиялық ўазыйпаны орынлаўы менен бирге, көркем-эстетикалық функцияны атқарыўы жағынан да әҳмийетли. Неке тойында әмелге асрылатуғын этнографиялық әмеллердиң ҳәр бири тарийхый тийкарға ийе болып, халықтың өтмиш тарийхы, турмысы, этникалық өзгешелиги менен байланыслы.

Узатыў тойында сыңсыўдан соң ҳәўжар айтылады. Ҳәўжар қосығын қызлар тәреп ямаса жигитлер (күйеў) тәреп айтады. Бунда қыз алыўшы қудалар менен қызды узатыўшы қудалар екиге бөлинип дәсме-дәс түрде айтқан. Илимпаз Н.Дәўқараев қарақалпақ халқының дәстүринде ҳәўжардың айтылыўын төмендегише түсиндиреди: «Гейде қыздың қасындағы адамлар ямаса жарықтан қарап турған күйеў жигитлер қызға нәсийҳат ретинде қосық айтады. Гейде усы ҳәўжардың үстинде еки тәреп болып, айтыс та басланады.

Бул айтыс шийеленисип, қызғанда, күйеў жигитлер менен қыздың аўылының жасларының арасындағы айтысқа айналып та кетеди... Басқалар «ҳәўжар» деген қайырмасына хор менен қосылады» [1.149-150], – деп мағлыўмат береди. Бизге ҳәўжардың көпшилик болып, бир топар қыз-жигитлердиң хор менен биригип айтыўы қызығыўшылық туўдырады. Бунда да әййемги урыўлық дәўирлердеги адамлардың топарласып, жәмәәт болып мәресим, дәстүрлерди орынлаўының изи сақланып қалғанлығы көринеди. Қазақ илимпазлары К.С. Матыжанов пенен А.Б. Айтбаевалар да: «Жар-жардың (яр-ярдың – П.К.) еки топ арасындағы хордың гезекпе-гезек айтысы арқалы орынланыўы урыўлық жәмийеттеги жүдә гөне дәстүрлик мәресим екенлигин көрсетеди. Оның арғы теги «қос уйым» арасында болатуғын экзогамиялық неке ўақтындағы руўлық топарлардың (фратрия) тартысынан пайда болған. Үйлениў тойында болатуғын қудалар тартысы, қыз қуўыў, палўан гүрес пенен ат жарысларынан баслап айтысқа дейинги еки жақлы таластың астарында да усы негиз жатыр. Бундай тартыс наўрыздағы «қыс пенен жаздың айтысы», «бәдиктеги қыз-жигитлердиң айтысы» сыяқлы дәстүрлик фольклордың басқа жанрларында да бар. Урыўлар менен топарлар арасындағы тартыс әййемги урыўлық жәмийетте барлық қәўимлерде болған. ...Бундай қосық түрлери дүнья халықларының барлығында болған, көпшилигинде бүгинги күнге дейин даўам етип келди» [2.16], – деп пикирлерин билдиреди. Демек, ҳәўжар қосығының атқарылыў, орынланыў тәртибиниң дереклери, онда жеке яки топар болып айтысыўдың элементлери әййемги дәўирлерден сағa алатуғыны байқалады. Тилекке қарсы, жеке яки топар болып, тәреплердиң айтысқан үлгилери бизиң қолымызда жоқ. Фольклортаныў илиминде айтыс жанры өзине тән жанрлық белгилери менен айрылып турады. Жақын күнлерге шекем ҳәўжар қосығында да айтыс болатуғынлығы айтылып келди. Усындай жанрлар арасындағы шатаслықты белгили фольклортаныўшы алым Қ.Мақсетов өз ўақтында аңлаған еди ҳәм: «Биз ҳәзирге шекем фольклордағы айтыс жанрына киргизбеген нәрсемиз жоқ. Оған дәстанды да, ертекти де, гүлапсан, бәдик, ҳәўжарды да, жумбақты да, анекдотты да, аңызды да, шешенлик сөзлерди толығы менен, шайырлар айтысын толығы менен, ҳәтте бир шайырдың дөретпесин де киргизип жүрмиз» [3.129], – деп сын көзқарасын билдирди. Және де илимпаз айтыстың жанрлық өзгешелигин төмендегише көрсетип берди: «Фольклордағы айтыс дегенимиз бир ўақытта, бир жерде, көркем сөзге усталығы бар еки адамның бирин-бири сөзден жеңиў ушын ядтан суўырып салып аўызеки айтатуғын поэзиялық дөретпеси. Ол қосық түринде уйқасымлы болып, еки тәрептиң көркем сөз жарыстырыўы болып

келеди» [3.129], – деп анықлық киргизди.

Н.Дәўқараев мынадай мағлыўматты келтиреди: «Ҳәўжар қосығы дәслеп қыздың өзи тәрепинен айтылып, қайырмасына қасындағы қыз-келиншеклер қосылған, соң айтыс формасында айтылғанда қыздың қасындағы жеңгелери, апалары, дослары менен күйеў тәрептиң жигитлери тәреп болып айтысқан, ямаса айтысқа айналғаннан кейин тойларда ҳәўжар айтып жүрген белгили адамлар айтқан. Басқалар ҳәўжар деген қайырмасын ғана хор менен айтқан. Ҳәўжар айтатуғын арнаўлы адамлар сол тойдағы жағдайға қарап, бурын шығарылған қосықлардың ишинен сайлап алып айтады. Айтыс жағдайында айтыўшының өзи сол ўақтағы аўҳалға ылайықлап, өз жанынан шығарып та айтады [1.149-150], – деп жазды. Мағлыўматтан көринип турғанындай, ҳәўжардың тәреп болып айтылыў түрин қазақ илимпазлары К.С. Матыжанов пенен А.Б. Айтбаевалар да, қарақалпақ илимпазы Н.Дәўқараев та айтыс деп келтиреди. Дурыс, Н.Дәўқараев изертлеў жумысларын алып барған дәўирлерде (өткен әсирдиң 50-жыллары) фольклор үлгилерин жанр ҳәм түрлерге бөлиў жумыслары толық үйренилип болынбаған еди. Сонлықтан да Н.Дәўқараевтың ҳәўжарда қыздың қасындағы жеңгелери, апалары, дослары менен күйеў тәрептиң жигитлериниң тәреп болып айтысыўын айтыс деп айтыўы орынлы еди. Профессор Қ.Мақсетов: «Ҳәўжар өткен бир заманларда (Алпамыс дәўиринде) айтыстың белгили бир түри болған болыўы мүмкин. XIX әсир, XX әсир материалларында дәстүр қосықларының бир түри сыпатында қыз узатылайын деп атырғанда айтылатуғын қосық болып қалған. Ҳәўжарды ҳәзир айтысқа киргизиў мүмкин емес» [3.129], – деп жазды ҳәм: «Оны (ҳәўжардың тәреп болып дәсме-дәс айтылыў түри – П.К.) бизиң заманымыздағы айтыстың ески дәўирдеги дереклериниң бири деп есаплаған дурыс болады» [3.129], – деген пикирлерин билдирди. Ҳақыйқатында да, ҳәўжар қосығындағы тәреп болып, дәсме-дәс айтыў түри, бир ўақытлардағы айтыстың ески түри сыпатында таралған болыўы мүмкин. Бирақ биз ҳәзирги қолымызда бар ҳәўжардың үлгилерин айтысқа жатқара алмаймыз. Илимпаз Н.Жапақов та халық арасынан жазып алынған ҳәўжар қосығынан мысаллар келтирип, оны «...қыз бенен жигит дәсме-дәс айтатуғын түри» [4.312], – деп текстен мысал келтиреди. Демек, Н.Жапақов та ҳәўжардың қыз, жигитлер болып дәсме-дәс айтқан түрин ҳәўжардағы айтыс деп қолланбайды. Енди жоқарыдағы Н.Дәўқараевтың мағлыўматларына қарағанда, халық арасында ҳәўжарды талап етип, айтып жүрген арнаўлы (профессионал), шайыр тәбиятлы адамлар болған. Солай екен, ҳәўжар айтыў тойдың өзгеше бир сәни болған, ол өзине ылайық намасы менен атқарылған ҳәм тойға жыйналғанларға көркем-эстетикалық заўық бергенлиги белгили. Бизиң бул пикиримизди Қ.Мақсетов, Ә.Тәжимуратовтың: «Ҳәўжар қосықларының өзине тән айтылыў ырғағы яғный өз намасы болады. Ким атқарса да оны сол намасына салып айтады, қосылыўшылар да сол нама бойынша жалғасып отырады. Оның нама ырғақлары жеңил, айтыўға қолайлы, нақыраты «ҳәўжар», «яр-яр», «яр-яраў» болып келе береди. Шынында жәмәәт түрде хорға қосылып айтыўға ыңғайлы» [5.127], – деп жазды. Шаңарақтың елге берип атырғаны той болғанлықтан, онда ойын, күлки, тамаша болатуғыны тәбиийй. Және де ҳәўжарды айтатуғын адамлар қосықтың мазмунына айрықша итибар берген, сонлықтан Н.Дәўқараев: «Ҳәўжарда айтылатуғын қосықтың мазмуны сол узатылайын деп атырған қыздың басындағы ҳәдийселер менен тығыз байланыслы болады» [2.150], – деп жазады. Ҳақыйқатында да, ҳәўжардың мазмуны қыздың кеўил күйи, дәрти толғанıслары менен тығыз байланыслы. Мысалы:

Қыз:

Оң қолыма қайшы алып,
Мақпал пиштим ҳәўжар.
Текшедеги қатықты,
Ким ишипти ҳәўжар.

Жигит:

Кететуғын сиңлимди,
Ким сөгипти ҳәўжар.
Жылама сиңлим, жылама,
Той сеники ҳәўжар [6.120-121].

Мысалдан көринип турғанындай ҳәўжардың бул үлгисинде қызға жигиттиң тәселле айтыўынан ибарат. Ҳәўжардың мазмунында узатылып баратырған қыздың өзге шаңараққа келин болып түскенде тәғдириниң қандай болатуғынлығы ҳаққында ишки кеўил-кеширмелери баянланса, оған жигит тәселле айтыўы, ақыл-кеңес бериўи, ўәсияты баянланған. Бундай мысалларды және де келтириўимиз мүмкин. Мысалы:

Жигит:

Алып келген базардан,
Ала қашар яр-яраў.
Қара мақпал сәўкеле,
Шашын басар яр-яраў.
Мунда әкем қалды деп,
Ғам жемеңиз яр-яраў.
Жақсы болса қәйин атаңыз,
Орнын басар ҳәўжараў.

Қыз:

Есик алды қара суў,
Майдан болсын яр-яраў,
Ақ жүзимди көргендей,
Айнам болсын яр-яраў,
Қәйин атамыз бар дейди,
Азарланған яр-яраў,

Айналайын әкемдей,
Қайдан болсын яр-яраў [6.121].

Мысалда лирикалық қаҳарман жигит тәрепинен қызды жубатыў мәнисиндеги қатарлар айтылған. Ҳәўжардың дәслепки төрт шуўмағында узатыў тойына, ишара етиледи. Мысалы, той ушын ала қашардың алынатуғынлығы да, узатылып баратырған қызының сәўкеле кийетуғынлығы да белгили. Кейинги қатарларда тийкарғы объект лирикалық қаҳарманға (қызға) тәселле айтыў, жубатыў мотиви берилген. Қыздың тилинен айтылған кейинги хәўжарда жигиттиң сөзлерине қайтарылған жууапты көремиз. Қосықтың дәслепки төрт шуўмағында суў менен айна логикалық жақтан уйқастырылған. Айна ҳаял-қызлардың тийкарғы, зәрүрли буйымы есапланады. Сондай-ақ, айнаның тарийхый тийкарлары әййемги адамлардың мифологиялық түсиниклери менен байланыслы. Илимпаз М.Жўраев, З.Расулова: «Айна инсанияттың ақылы, ой-пикири менен ойлап табылған баҳалы қурылма. Ол ойлап табылғанға шекем адамлар жүзин сәулелендиретуғын тәбиий қураллардан, атап айтқанда, ақпайтуғын хәўизлердиң суўынын пайдаланған. Буның ушын, ҳәтте, арнаўлы мрамор ҳәм шийше хәўизлер қурылғанлығы да мәлим. Оларда шомылыў қадаған етилген ҳәм тек ғана сыртқы көринисти тәртипке салыў ушын пайдаланылған. Соның ушын халық аўызеки дөретиўшилигинде айнаның келип шығыўы суў стихиясы менен байланыслы талқын қылынады» [7.218], – деп жазды. Жоқарыдағы мысалда:

Есик алды қара суў,
Майдан болсын яр-яраў,
Ақ жүзимди көргендей,
Айнам болсын яр-яраў, – деген қатарлар мәзи уйқас ушын алынған емес, оның белгили бир тарийхый тийкарлары бар. Айна дәстүр фольклорынан тысқары, әпсана, ертек, қосықларда да жийи ушырасады.

Жоқарыда мысалға алынған хәўжардың кейинги шуўмақларында лирикалық қаҳарманның ғамлы кеўил-кеширмеси, болажақ қәйин атасы ҳәм әкесине мүнәсибети, салыстырмалы түрдеги болжаўлы ой-пикирлери бериледи. Бунда өзге шаңараққа келин болып түсетуғын қыздың, өз әкесиндей еркелетиўлер енди болмайтуғынлығын аңлатыў бар.

Хәўжарда лирикалық қаҳарман қыздың кеўил-кеширмелерине жеңгесиниң жубатыў мәнисинде қайтарған жууапларын алып қарайық. Мысалы:

Жеңгеси:
Пайғамбардың бир қызын,
Әлий алған ҳаўжар,
Қыз алып, қыз берисиў,
Соннан қалған хаўжар.
Қыз:
Сылдыр-сылдыр қамысқа,
Сырғам түсти ҳаўжар,
Сырын билмес жат елге,
Шегим түсти ҳаўжар.
Жеңгеси:
Жылама қыз, жылама,
Тойың болар ҳаўжар,
Жәнәуиттен жасалған,
Үйиң болар хаўжар.
Қәйин енең күн менен,
Айың болар хаўжар,
Ол иниңниң орнына,
Қәйин болар хаўжар,
«Ақ қыз» десең бийкешиң,
Тайын болар ҳаўжар [8].

Хәўжардың биринши шуўмағында Муҳаммед алайҳиссаламның бир қызы ҳәзирети Әлийге некеленгени ҳаққында айтылған. Бул хәўжар өзбек, қазақ фольклорында да ушырасады. Хәўжарда ҳәзирети Әлий пайғамбарға күйеў болғаннан баслап хәўжар айтыў дәстүрге айналғаны айтылған. Лекин, бул халықтың пикири, көзқараслары есапланады, тийкарынан илимпазлар хәўжардың пайда болыў дәреклерин әййемги дәўирлер менен байланыстырады. Бул жерде пайғамбардың қызын ҳәзирети Әлийдиң алыў мотиви ҳаққында изертлеўши З.Қасимова: «...неке тойы қосықларында пайғамбар ҳәм оның қызы, күйеўиниң образларының ушыраўы некениң сакрал мәнисин тәмийинлеўге хызмет еткен. Неке тойындағы дәстүр қосықларының идеясы ҳәм онда некениң муқаддес екенлигин уқтырыў, еки жастың бир-бирине меҳирли, садық болыўын үгит-нәсиятлаўдан ибарат» [9.24], – деп жазады.

Хәўжардың екинши шуўмағында қыздың тилинен сырға мотиви мәзи уйқас ушын алынған емес. Түркий халықларда болажақ келинге күйеў тәрептиң сырға тағыўы – қызлардың бой жеткенлигин, турмысқа узатылатуғынлығының белгиси саналған. Сырға тағылыў арқалы қыздың басы байланғаны, турмысқа узатылатуғыны мәлим болады. Қосықтың «Сырын билмес жат елге, Шегим түсти хаўжар» деген соңғы еки қатарында сырға тағылып, узатылатуғын қыздың еле нәмалим турмысынан қәўетерлениў сезими берилген. Рети келгенде айтып кетиўимиз керек, мысалға алынған хәўжар қосықларында «Қара мақпал сәўкеле», «Сылдыр-сылдыр қамыс», «Жәнәуиттен жасалған үй» қатарлары қарақалпақ халқының өзине тән миллий өзиншелигин көрсететуғын белгилер.

Хәўжардың қыз жеңгеси тәрепинен айтылған соңғы шуўмағында жубатыў мотиви арқалы қыздың келин болып түсетуғын жеринде бахытлы болатуғынлығына аңлатыў бар. Келин болып түсетуғын шаңарақтағы қәйин ата ҳәм енени айға теңеў, инисиниң

орнына күйеўиниң иниси қәйин болатуғынын, дәстүрге муўапық «Ақ қыз» деген бийкеши болатуғынын, қарақалпақ халық дәстүрине тән миллий бояўлар менен көркемлик пенен жеткерип бериледи.

Жуўмақлап айтқанда, бүгинги күни биз қарақалпақ хәўжар қосықларының қысқа, аз көлемдеги үлгилерине ғана ийемиз. Ҳәўжардың өз ўақтында халықтан толық жазып алынбай қалғанлығы өкинишли. Солай да болса, хәўжардың бар үлгилерин үйрениў, изертлеў илим ушын оғада әхмийетли саналады.

ӘДЕБИЯТЛАР


1. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.
2. Матыжанов К.С., Айтбаева А.Б. Қазақтың үйлену-ғурып жырлары: этнографиялық астары мен жанрлық саралануы // Әл-Фараби атындағы Қазақ ұлттық университети «Хабаршы» журналы, Алматы, 2019, №1 (67).
3. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки халық дөретпелери. – Нөкис: Билим, 1996.
4. Наўрыз Жапақов (Еске түсириўлер. Илимий мийнетлер). – Нөкис: Билим, 1990.
5. Мақсетов Қ., Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ фольклоры. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1979.
6. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт жырлары. V том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1980.
7. Жўраев М., Расулова З. Миф, маросим ва эртак. – Тошкент: MUMTOZ SO‘Z, 2014.
8. Автордың дала жазыўлары. Атабаева Жийенгул, 82 жаста, Миллети қарақалпақ, урыўы қаңлы, Нөкис қаласы турғыны, 2018-жыл.
9. Касимова З. Фарғ‘она vodiysi to‘y marosim folklori (specifikasi, janrlar tarkibi va badiiy-pragmatik xossalari). Filologiya fanlari bo‘yicha falsafa doktori (PhD) ilmiy darajasini olish uchun yozilgan dissertaciya. – Andijon, 2024.


**Қорақалпоқ халқ маросим қўшиғи – хаужар (ёр-ёр)**


**Палымбетов К.С.**

*Ўзбекистон Республикаси Фанлар академияси Қорақалпоғистон бўлими Қорақалпоқ гуманитар фанлар илмий-тадқиқот институти, Нукус*



Мақолада қорақалпоқ халқының маросым қўшиғи – хаужар (ёр-ёр) ҳақида сўз боради. У никоҳ тўйларида этнографик амаллар билан ижро этилиши, халқнинг тарихий ўтмиши, турмуш тарзи ва этник хусусиятлари билан узвий боғлиқлиги илмий жиҳатдан асосланади. Ҳаужар (ёр-ёр) қўшиғининг ижро услуби, бажарилиш тартиби, ундаги якка ёки гуруҳ бўлиб дасма-дас айтиш анъаналари қадим замонлардан келиб чиққанлиги исботланади. Халқ орасидан ёзиб олинган қиз ва йигитлар, янга ва қизлар ўртасида бўлиб ўтган ҳаужар (ёр-ёр) айтиш турларидан мисоллар келтирилиб, улар талқин қилинади. Шунингдек, лирик қаҳрамоннинг дардли кечирмалари, руҳий ҳолати ва уни юбатиш мақсадида йигит ёки янганинг насиҳат-кенгашлари матн асосида илмий таҳлил этилади.


**Хаужар – каракалпакская народная обрядовая песня**


**Палымбетов К.С.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*



В статье рассматривается каракалпакская народная обрядовая песня хаужар. Научно доказано, что песня хаужар исполняется на свадебном обряде с этнографическими элементами и связана с прошлой жизнью и этнической идентичностью народа в определенный исторический период. Данные об исполнении и аранжировке песни хаужар, а также элементы индивидуального или группового пения в традиционной манере доказывают, что ее можно проследить с глубокой древности. Приведены и проанализированы примеры пения хаужар между парнями и девушками, невестками и золовками, записанные народом, научно обсуждаются по отношению к тексту. Печальные чувства, восторги и переживания лирического героя, советы, данные ему в утешение возлюбленным или невесткой.


**Khaujar – A Karakalpak Folk Ritual Song**


**Palymbetov K.S.**

*Karakalpak Research Institute of Humanitarian of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*



The article discusses the Karakalpak folk ritual song khaujar. It has been scientifically proven that the khaujar song is performed at a wedding ceremony with ethnographic elements and is associated with the past life and ethnic identity of the people in a certain historical period. Data on the performance and arrangement of the khaujar song, and also elements of individual or group singing in the traditional manner prove that it can be traced back to ancient times. Examples of haujar singing between boys and girls, daughters-in-law and sisters-in-law, recorded by the people, are given and analyzed. They are scientifically discussed in relation to the text. Sad feelings, delights and experiences of the lyrical hero, advice given to him as consolation by his beloved or daughter-in-law are also described.